3-ГІА ЛЕКЦИ. ТЕРАХЬДОШ

План

1. Терахьдешан йукъара маьІна
2. Терахьдешан тайпанаш

2.1. Масаллин терахьдешнаш

2.2. РогІаллин терахьдешнаш

2.3. Эцаран терахьдешнаш

2.4. Эцаран-рогІаллин терахьдешнаш

2.5. Гулдаран терахьдешнаш

2.6. Декъаран терахьдешнаш

2.7. Билгалза-масаллин терахьдешнаш

Пайдаэца литература

Арсаханов И.Г. ХІинцалера нохчийн мотт. Лексикология, фонетика, морфология. Соьлжа-ГІала, 1965. – 215 с.

Дешериев Ю.Д. Сравнительно-историческая грамматика нахских языков и проблемы происхождения и исторического развития горских кавказских народов. – Грозный, 1963. – 556 с.

Джамалханов З.Д. Мачигов М.Ю. Нохчийн мотт: Лексикологи, фонетика, морфологи. І дакъа – Соьлжа-ГІала, 1964. – 269 с.

Тимаев В.Д. ХІинцалера нохчийн мотт. Лексикологи. Фонетика. Морфологи. ГУП ИПК «Грозненский рабочий», 2-г1а изд., Соьлжа-г1ала, 2007. – 415 с.

Халидов А.И. Грамматика чеченского языка. В трех томах. Том II. Морфология. Грозный, 2023. С. 799

Халидов А.И. Нохчийн меттаІилманийн терминийн лугІат. Соьлжа-ГІала, 2012. – 448 с.

Лекцехь духьалкхета коьрта терминаш: масаллин, рогІаллин, эцаран, эцаран-рогІаллин, гулдаран, декъаран, билгалза-масаллин терахьдешнаш.

1. Терахьдешан йукъара маьІна

ХІуманийн масалла йа рогІалла гойтучу къамелан декъах терахьдош олу. Масала: цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, пхиъ, йалх, ворхІ, исс, итт, пхийтта, йалхитта, вуьрхІитта, берхІитта, хьалхара (цхьолгІа), шолгІа, кхоалгІа, доьалгІа, пхоьалгІа, йалхалгІа, ворхІалгІа, иссалгІа, итталгІа.

Шатайпа грамматически башхаллаш йолу и дешнаш бен, таро йац вайн къаьстина долчу къамелан декъа йуккъе дахийта. Масала, дустур вай: *шиъ-шинара, кхоъ-кхаъара, йиъ-йиеъара*.

Вай далийнчу дешнийн хьалхарчу дакъоша бен масалла ца гойту, ткъа шолгІачу дакъошкахь а (**шинара, кхаъара, йиъара**) ду масаллин маьІна-м, амма и маьІна доьхна йа хьулделла, кхин маьІнаш гучудовлар бахьана долуш. Масала: шинара. Иза цхьана хІуманан цІе йу, шиъ бохучу терахьаца йозуш а йолуш (*де, йа ши шо кхаьчна бежана*); **кхаъара** – (*де, кхо шо кхаьчна бежана*; **йиеъара** – (*де*).

Терахьан маьІна хьулделла йа дайна долу и тайпа дерриге а дешнаш шайца цІердешнийн йерриге а билгалонаш йолуш ду – терахь, дожар, грамматически класс, цаьрца шайн билгало гойту билгалдош а хуьлу. Масала: (**шинара** (цхьаллин терахь) – **шинарш** (дукхаллин терахь; **шинарин** (доланиг дожар), **шинарина** (лург дожар), **шинаруо** (дийриг дожар); **шинара** ду – **шинарш** ду (йоьъалгІа класс); доккха **шинар**а, цІен **шинара.**

Терахьдешнаш масех тайпана ду: масаллин (**цаI** [цхьаъ-орфографехь], **шиъ, итт, бІе**), рогІаллин (**шолгІа, кхоъалгІа, уьтталгІа**) , декъаран (**цхьацца**, **пхиппа, кху-кхузткъа, итт-итт**), эцаран (**цкъа, доьъазза, уьссазза**), гулдаран (**ший а, пхий а, йалхе а**), билгалза-масаллин (**цхьа-шиъ, пхи-йалх**).

З. Д. Джамалхановс дакъойн терахьдешнийн тайпа а къастадо: «Дакъош гойтуш, маса-мосалгІа? бохучу хаттарна жоп луш а долчу терахьдешнех дакъойн терахьдешнаш олу» Масала, **шиъ кхоъалгІа – 2/3, пхиъ уьтталгІа – 5/10**. Амма и тайпа грамматически агІонгахьара кхечарах ца къаьста, хІунда аьлча цуьнан шен морфологически билгалонаш цахиларна. Цу кеппара дакъойн терахьдош ша къаьсттина терахьдешнийн тайпа ду аьлла тарлуш дац.

ЦІердешнийн а, билгалдешнийн а йолу грамматически классийн а, терахьийн а категореш йац нохчийн меттан терахьдешнийн. Терахьдешнийн терахьан категори цахиларца доьзна хир ду, схьахетарехь, терахьдешнашца цхьаьна долу цІердош цхьаллин терахьехь хІоттор.

Терахьдош **диъ** а, иза йуккъехь долу чолхе а (**дейтта, дезткъа**), хIоттаме а (**бIе дезткъа**) терахьдешнаш дIадевлча, кхидолчу терахьдешнийн классан категори йац.(цунах лаций хьажа лахахь).

Терахьдешнаш лааме а , лаамаза а хуьлу, дожаршца хийца а ло, масала: цхьаъ – цхьа кIант, итт – итт туьма, бIе - бIе салти.

Масаллин терахьдешнаш шайн хIоттаме хьаьжжана, **цхьалхе а, чолхе а, хIоттаме а хуьлу**.

Цхьалхе терахьдешнаш ду *1*-на тIера *10*-на тIе кхаччалц а, *ткъа, эзар, бIе* а. **Чолхе терахьдешнаш ду** *11*-на тIера *18* йукъалоцуш а, *шовзткъа* а, *кхузткъа* а, *дезткъа* а. Чолхе терахьдешнийн *11, 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18* морфологически хIоттамехь атта къастало терахьдош *итт.* Масала: *цхьа-йтта, ши-йтта, кхо-йтта* иштта дIа кхин а. Ткъа терахьдош *19 (ткъесна)(**керлачу бакъонашца – ткъоьсна**),* схьахетарехь, *20 (ткъа)* терахьдешан ларда шеца йолуш ду: *«ткъесна»* бохург*, ткъа* дисина (дуза ца дуьзна) бохург ду аьлла, йаздо А.Д. Тимаевс.

Масаллин цхьалхе терахьдешнаш шайн структурица схьадалаза долу терахьдешнаш лору.

Чолхе терахьдешнаш *40, 60, 80* а шина орамах лаьтташ ду: *шовз-ткъа, кхуз-ткъа, **доьз-ткъа***. Вай лакхахь билгалдаьккхина ма-хиллара, и терахьдешнаш кхолладалар нохчийн меттан *ткъанца* дагардечу системица доьзна ду. Масала: *шовзткъа - шозза ткъа, кхузткъа - кхузза ткъа, дезткъа -доьазза ткъа.*

Цхьайттанна тIера берхIиттанна тIе кхаччалц долчу чолхечу масаллин терахьдешнийн ши орам цхьаьнакхетачохь, хьалхарчу ораман чаккхенгарчу мукъачу элпана тIехьа ***-йтта,*** мукъазчунна тIехьа ***-итта*** йаздо.

Масала: цхьайтта, шийтта, кхойтта, дейтта, пхийтта, йалхитта, вуьрхIитта, берхIитта.

ХIоттаме терахьдешнаш масех дашах лаьтташ ду. Масала: *ткъе цхъайтта, бIе кхузткъе пхийтта, эзар исс бIе **доьзткъе** шиъ.*

ХIоттаман терахьдашна йукъахь долу хIора дош къаьстина йаздо.

Масала: ткъе цхьаъ, эзар ворхI бIе ткъе йалх

Нохчийн меттан терахьдешнийн башхалла, берриг нахчийн меттанийн санна , церан ткъанца дагарден система хилар йу. Масала: ткъа, шовзткъа, дезткъа.

Шайн-шайн цIе йолуш ду цхьанна тIера иттанна тIекхаччалц а (цаI, шиъ, кхоъ, диъ, пхиъ, йалх, ворхI, барх1, исс, итт), ткъа, бIе, эзар а.

2. Терахьдешнийн тайпанаш

Нохчийн меттан терахьдешнийн хIара тайпанаш ду: масаллин, рогIаллин, декъаран, эцаран, гулдаран, билгалза-масаллин.

2.1. Масаллин терахьдешнаш

ХIуманийн масалла а гойтуш, маса? бохучу хаттарна жоп лучу терахьдешнех масаллин терахьдешнаш олу, масала: шиъ, итт, пхийтта, вуьрхIитта, ткъа, ткъе итт, шовзткъа, бIе, эзар, исс эзар ворхI бIе ткъе шийтта.

Масаллин терахьдешнаш лааме а, лаамаза а хуьлу, цуьнга хьаьжжана, шина тайпана легадалар а къастало масаллин терахьдешнийн. Амма шайн лааме а, лаамаза а форманаш хIокху деа терахьдешан бен къаьсташ йац: *цхьаъ, шиъ, кхоъ, пхиъ* (лааме форма); *цхьа стаг, ши стаг, кхо шо, пхи туьма* (лаамаза форма).

Терахьдош *диъ,* лакхахь далийначу терахьдешнийн а санна, чаккхенгахь ъ элпаца билгалдеш долу аз делахь а, шен лааме а, лаамаза а форманаш къаьсташ дац. Масала: *диъ - диъ сахьт.* Цул сов, цу терахьдешан кхин цхьа башхалла а йу: иза а, и йукъахь долу чолхе а, хIоттаме а тIерахьдешнаш грамматически классашца хийцалуш ду *(диъ урс, виъ стаг, биъ йетт, йиъ котам, дейтта шо, бейтта хьостам, вейтта кIант, йейтта гIала; доьзткъа шо, воьзткъа таллархо, боьзткъа уьстагI, йоьзткъа трактор; бIе ткъе диъ туьма, бIе ткъе виъ дешархо; бIе ткъе йиъ топ).*

Терахьдешнаш *кхоъ, диъ, пхиъ,* дожаршкахь хийцалуш (лааме а, лаамаза а форманаш), массо а лач дожарехь шолгIа ларда кхоллалой, хийцало. Цул сов, орамерачу аьзнийн а хуьлу хийцамаш: терахьдешан *кхоъ* орамера *о → а.* Ткъа *диъ, пхиъ* бохучу терахьдешнийн орамера *и → е.*

Лааме а, лаамаза а форманаш легайаларехь лач дожаршкахь цхьа ларда хуьлу *(кхаъа, деъа, пхеъа)*, амма, лаамечу формехь и терахьдешнаш легош, дожарийн флексешна хьалха вай билгалйаьхначу лардашна тIехьа *н (м)* хIутту.

Хьовсур вай цу башхаллашка:

ЦI.	*кхоъ*	*диъ*	*пхиъ*
Дл.	*кхаа-н-нан*	*деъа-н-нан*	*пхеан-нан*
Л.	*кхаа-н-на*	*деъа-н-на*	*пхеа-н-на*
Др.	*кхаа-м-ма*	*деъа-м-ма*	*пхеа-м-ма*
К.	*кхаа-н-ца*	*деа-н-ца*	*пхеа-н-ца*
М.	*кхаа-н-га*	*деа-н-га*	*пхеа-н-га*
Х.	*кхаа-н-н-ах*	*деа-н-н-ах*	*пхеа-н-н-ах*
Дс.	*кхаа-н-н-ал*	*деа-н-н-ал*	*пхеа-н-н-ал*

ЦІ. кхо сом	*диъ шо*	*пхи кІант*
Дл. кхаа соьм-ан	*деа шер-ан*	*пхеа кІент-ан*
Л. кхаа соьм-ана	*деа шар-на*	*пхеа кІант-ана*
Др. кхаа соьм-уо̄	*деа шар-уо̄*	*пхеа кІант-а*
К. кхаа соьм-аца	*деа шар-аца*	*пхеа кІант-аца*
М. кхаа соьм-ие̄	*деа шар-ие̄*	*пхеа кІант-ие̄*
Х. кхаа соьм-ах	*деа шар-ах*	*пхеа кІант-ах*
Дс. кхаа соьм-ал	*деа шар-ал*	*пхеа кІант-ал*

Масаллин терахьдешнаш *цхьаъ, шиъ* хийцало дожаршкахь шина лардаца, амма лаамазчу формин легадаларехь лач дожаршкахь *-на* тІекхета царна, ткъа лааме форма легалуш, лач дожарийн флексешна хьалха *-н (м)* хІутту. Цу тайппана *цхьаъ, шиъ* терахьдешнаш а шина лардаца хийцало: цхьа ларда лаамечу формин цІерниг дожаран ларда *(цхьаъ, шиъ),* шолгІа ларда лаамечу формин лач дожарийн а, лаамазчу формин массо а дожарийн а ларда *(цхьа, ши).*

Керлачу бакъонашца: цхьаъ боху терахьдош легало хІокху кепара, (**цхьа** орам хийца ца луш):

цхьаъ, цхьаннан, цхьанна, **цхьамма / цхьаммо / цхьанно**, цхьаьнца, цхьаннах, цхьаьнга, цхьаннал.

ЦІ. цхьаъ	*шиъ*
Дл. цхьа-н-нан	*ши-н-нан*
*Л. **цхьа-н-на***	*ши-н-на*
Др. цхьа-м-ма	*ши-м-ма*
К. цхьаь-н-ца	*ши-н-ца*
М. цхьаь-н-га	*ши-н-га*
Х. цхьа-нн-ах	*ши-нн-ах*
Дс. цхьа-нн-ал	*ши-нн-ал*

ЦІ. цхьа де	*ши кор*
Дл. цхьа-на дийнан	*ши-на коран*
Л. цхьа-на денна	*ши-на корана*
Др. цхьа-на дийнуо̄	*ши-на коруо̄*
К. цхьа-на денца	*ши-на кораца*
М. цхьа-на дийние̄	*ши-на корие̄*

Х. цхьа-на дийнах ши-на корах

Дс. цхьа-на дийнал ши-на корал

Тимаев А.Д. йаздо: «Къаьсттина масех дош ала деза *цаI* бохучу терахьдешан шолгIа ларда *цхьа* кхоллайаларх а, цигахь хиллачу хийцамех а лаьцна. И хийцамаш вай схемехь гайтича, кху кепара сурт хир ду *цхьа* боху шолгIа ларда кхоллайаларан: *цаIа* (лач дожарийн йуьхьаьнцара ларда) → *цIъа* → *цхьа.* Хьалхарчу дешдекъехь долу доца *а* охьадожар бахьана долуш, *ц, I* ул-уллохь нисло, ткъа мукъазчу аьзнашна тIехьа *I* нисделча, нагахь и мукъаза аз зевне делахь, вайн аз *Iъ* хуьлу, ткъа аз *ц* къора хиларна *Iъ* → *хь.* Кхузахь, вайна ма-гарра, контактни прогрессивни ассимиляци хуьлу».

Терахьдешнаш *цхьаъ, шиъ, кхоъ, пхиъ* дIадевлча, кхидолу масаллин терахьдешнаш шайн лааме а, лаамаза а форманаш къаьсташ дац. Масала: йа*лх - йалх класс, итт - итт къолам, бархI - бархI борз.* Амма, нагахь санна маьIна чIагIдархьама логически тохар терахьдешнашна тIедогIуш делахь, лааме а, лаамаза а форманаш вай лакхахь далийначу деа терахьдешан а ца къаьста. Масала: *Шиъ туька йиллина кхузахь кху тIаьххьарчу шарахь. Пхиъ дешархо ца веана тахана школе.*

Терахьдешнашца долу цIердош гуттар а цхьаллин терахьехь хуьлу нохчийн маттахь: *исс класс, ткъа тетрадь.*

Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, пхиъ йукъара девлча, кхидолу масаллин терахьдешнаш хIуманан цIарца цхьаьна лелаш дожаршкахь хийцалуш дац.

ЦI. итт цIа йалх кор ткъа шо

Дл. итт цIийнан йалх коран ткъа шеран

Л. итт цIенна йалх кора-на ткъа шар-на

Др.итт цIийнуо̄ йалх кор-уо̄ ткъа шар-уо̄

К. итт цIийнаца йалх кор-а-ца ткъа шар-ца

(цIенца)

М .итт цIийниеī йалх кор-иеī ткъа шар-иеī

Х. итт цIийнах йалх кор-а-х ткъа шар-а-х

Дс.итт цIийнал йалх кор-а-л ткъа шар-а-л

ХIоттаме терахьдешнийн тIаьххьара дош вай билгалдаьхна терахьдешнаш *цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, пхиъ* хилахь, церан лааме а, лаамаза а форма легайалар, цхьалхе терахьдешнаш *цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, пхиъ* легадалар санна хир ду, хIунда аьлча хIоттаме терахьдешан тIаьххьара дош бен дожаршкахь хийцалуш цахиларна.

ЦI. бIе ткъе кхоъ бIе ткъе кхо стаг

Дл. бIе ткъе кхаа-н-нан *бIе ткъе кхаа стеган*

Л. бIе ткъе кхаа-н-на *бIе ткъе кхаа стагана*

Др. бIе ткъе кхаа-м-ма *бIе ткъе кхаа стага*

К. бIе ткъе кхаан-ца *бIе ткъе кхаа стагаца*

М. бIе ткъе кхаа-н-га *бIе ткъе кхаа стагиē*

Х. бIе ткъе кхаа-нн-ах *бIе ткъе кхаа стагах*

Дс. бIе ткъе кхаа-нн-ал *бIе ткъе кхаа стагал*

2.2. РОГIАЛЛИН ТЕРАХЬДЕШНАШ

РогIаллин терахьдешнаш нохчийн маттахь масаллин терахьдешнех кхоллалуш ду - *лгIа, -алгIа* суффиксийн гIоьнца.

Масала: *шо-лгIа, кхо-ъалгIа.*

РогIаллин терахьдош *хьалхара цхьаъ* терахьдашах ца кхоллалуш, *хьалха* бохучу куцдашах кхоллалуш ду.

ХIоттаме рогIаллин терахьдешнаш кхоллалуш, рогIаллин терахьдешан форма тIаьххьарчун бен ца хуьлу: *эзар пхи бIе* ***доьзткъе*** *доьалгIа, кхо бIе ткъе пхоьалгIа.*

РогIаллин терахьдешнаш а лааме а, лаамаза а хуьлу: шайца уьйр йолу цIердош цаьрца хилахь, рогIаллин терахьдешнаш лаамаза ду *(кхоалгIа Iа, шолгIа класс),* ткъа шайца уьйр йолу цIердош а доцуш, *-ниг* суффиксан гIоьнца кхолладелла рогIаллин терахьдешнаш лааме ду *(кхоалгIа-ниг, пхоьалгIа-ниг).*

РогIаллин терахьдешнийн легадалар, мухаллин билгалдешнийн санна, ду. Уьш санна, рогIаллин терахьдешнаш а шина тайпана легадалар долуш ду - лааме а, лаамаза а.

ЦI. ***итт****алгIа шо* ***итт****алгIа-ниг*

Дл. итталгIа-чу шеран *итталгIа-чу-н*

Л. итталгIа-чу шарна *итталгIа-чу-нна*

Д. итталгIа-чу шаруō *итталгIа-чуō*

К. итталгIа-чу шарца *итталгIа-чуь-нца*

М. итталгIа-чу шариē *итталгIа-чуьнга*

Х. итталгIа-чу шарах *итталгIа-чух*

Дс.итталгIа-чу шарал *итталгIа-чул*

Кхузахь ала деза, керлачу бакъонашца цхьадолчу рогIаллин терахьдешнийн йаздар а хийцаделла хилар:

Керлачу бакъонашца: рогIаллин терахьдешнийн нийсайаздарехь литературин маттахь тIеэцна кепаш: цхьаъ – хьалхара, шиъ – шолгIа, кхоъ – кхоалгIа, диъ – доьалгIа, пхиъ – пхоьалгIа, йалх – йалхалгIа, ворхI – ворхIалгIа, бархI – бархIалгIа, **исс – иссалгIа,**

итт – итталгIа, цхьайтта – цхьайтталгIа, шийтта – шийтталгIа, кхойтта – кхойтталгIа, дейтта – дейтталгIа, пхийтта – пхийтталгIа,

йалхитта – йалхитталгIа, вуьрхIитта – вуьрхIитталгIа, берхIитта – берхIитталгIа, ткъоьсна – ткъоьсналгIа, ткъа – ткъолгIа, доьзткъа – доьзткъалгIа, ткъе цхьаъ – ткъе цхьолгIа, бIе – бIолгIа, эзар – эзарлагIа.

Лаамазчу рогIаллин терахьдешнийн массо а лач дожарехь *-чу* чаккхе а йолуш лард лела, ткъа лаамечу формин лач дожаршкахь дожарийн чаккхенашна хьалха *-чу* хIутту. Гуш ма-дарра, рогIаллин терахьдешнийн лаамазчу формин легайалар шина лардаца хуьлу: хьалхара лард - цIерниг дожаран лард; шолгIа лард - лач дожарийн лард. РогIаллин терахьдешнийн лаамечу формин легайалар а шина лардаца хуьлу:

хьалхара лард - цIерниг дожаран лард;

шолгIа лард - доланиг дожаран лард.

ЦI. ***итт****алгIаниг*	*К. иттал*гI*а-чуь-н-ца*
*Дл. иттал*гI*а-чуь-н-а*^{н}	*М. иттал*гI*а-чуь-н-га*
*Л. иттал*гI*а-чу-н-на*	*Х. иттал*гI*а-чу-л*
*Др. иттал*гI*а-чуō*	*Дс. иттал*гI*а-чу-х*

1.1. ГУЛДАРАН ТЕРАХЬДЕШНАШ

Гулдаран терахьдешнаш ду *ший а, кхоь а, иттиē а* иштта дIа кхин а. Амма билгалдаккха дезаш ду, шайн морфологически билгалонаш а йолуш, гулдаран терахьдешнаш цахилар. Цу терахьдешнийн маьIна масаллин терахьдошший, *а* хуттурггий цхьаьнакхетарца билгалдоккху нохчийн маттахь. Гулдаларан терахьдешнийн маьIна билгалдаккха йиш йац *ткъа, бIе, эзар* бохучу терахьдешнех.

Гулдаран терахьдешнаш лааме а, лаамаза а хила йиш йу: цIердашца уьйр йолуш долу гулдаран терахьдешнаш лаамаза ду, ткъа цIердашца уьйр а йоцуш, ша лелаш долу гулдаран терахьдош лааме ду. Масала: *ший а - ший а стаг, йалххе а -йалххе а цIа.*

Шайн формица лааме а, лаамаза а гулдаран терахьдешнаш къаьсташ дац. Лааме а, лаамаза а хиларе терра, гулдаран терахьдешнийн лааме а, лаамаза а легадаларан кепаш йу. Лааме форма, цIердешнаш санна, дожарийн флексеш тIекхетарца легало, ткъа лаамазчу формин цIерниг дожаран лард а, лач дожарийн лард а хуьлу.

Далор вай гулдаларан терахьдешнийн легадаларан масалш:

ЦI. ший а ког	*иттиē а*
Д. шина а коган	*иттанние*^{н} *а*
Л. шина а когана	*иттанна а*
Д. шина а когуō	*иттаммуō а*

К. *шина а когаца* *иттанца а*

М. *шина а когиē* *иттангиē а*

Х. *шина а когах* *иттанах а*

Дс. *шина а кога-л* *иттаннал а*

Вайна ма-гарра, гулдаран терахьдешнийн лаамечу а, лаамазчу а формийн лач дожарш масаллин терахьдешнийн дожарийн форманашца нислуш ду, амма гулдаран терахьдешнийн дожарийн форманашна тIехьа хуттург *а* лела.

1.2. ЭЦАРАН А, ЭЦАРАН-РОГIАЛЛИН ТЕРАХЬДЕШНАШ

Эцаран терахьдешнаша *мосазза?* бохучу хаттарна жоп а ло, *-зза, -азза* суффиксийн гIоьнца муьлххачу а масаллин терахьдашах кхолладала йиш а йу уьш. Масала: *кхоъ - кху-зза, бархI - бархI-азза.* Амма масаллин терахьдашах - *цхьаъ* - ша-тайпа кхоллало эцаран терахьдешан форма. Масала: *цхьаъ -цкъа.*

Эцаран терахьдешнех шатайпа рогIаллин форма а кхоллало: *шозлагIа, пхоьазлагIа.* Амма цу кепара долчу рогIаллин терахьдешнийн кхин маьIна ду. Масала: *ШозлагIа эли-кх ас хьоьга и.* Уьш эцаран терахьдешнийн форми тIе *-лагIа* суффикс кхетарца кхоллалуш ду. Царах эцаран-рогIаллин терахьдешнаш аьлча, нийса хир ду аьлла, йаздо А.Д. Тимаевс. Эцаран терахьдешнех кхоллайелла рогIаллин форма синтаксически а къаьсташ йу масаллин терахьдешнех кхоллайеллачу рогIаллин формех: эцаран терахьдешнийн рогIаллин форма хандешнашца йа хандешнийн форманашца уьйр йолуш хуьлу, ткъа масаллин терахьдешнех кхоллайелла рогIаллин форма хIуманан цIарца уьйр йолуш, рогIалла хуьлу. Дуста: *ШозлагIа йийшира ас и книга. ШолгIа шо чекхделира.*

1.3. ДЕКЪАРАН ТЕРАХЬДЕШНАШ

Декъаран терахьдешнаш а муьлххачу а масаллин терахьдашах кхолладала йиш йу. Масала: *цхьаъ - цхьацца, шиъ - шишша, кхоъ - кхоккха, диъ — диъ-диъ, пхиъ - пхиппа, йалх -йалх-йалх, итт - итт-итт, ткъа – ткъаттIа.* Декъаран терахьдешнаш кхолладаларан коьрта некъ - терахьдешан ларда шалха йалар бу: *ворхI-ворхI, исс-исс.*

ХIоттамечу терахьдешнех декъаран форма кхоллалуш шалха долуш дерг тIаьххьара дакъа ду: ткъе итт-итт, бIе шовзткъе исс-исс.

Ша-тайпа кхоллало декъаран терахьдешнаш хьалхарчу кхаа терахьдешнех а, *пхиъ, ткъа* бохучу терахьдешнех а. Масала: *цхьацца, шишша, кхоккха, пхиппа, ткъатткъа.* Цу терахьдешнийн декъадаран кеп кхоллалуш, шолгIачу лардан йуьхь мелла-а цхьалхе йолу, амма йуьхьаьнцара мукъаза аз шалха долу: *пхи-ппа, ши-шша, кхо-ккха, ткъа-ттка.*

Цхьайттанна тІера ткъоьсна тІе кхаччалц долу терахьдешнаш а, ткъаннаш дагардеш долу **шовзткъа, кхузткъа, доьзткъа** боху терахьдешнаш а декъаран терахьдешнашка дерзош, дефисца йаздо, хьалхара орам шалха а болуш. ***Масала:*** *цхьайт-цхьайтта, шийт-шийтта, кхойт-кхойтта, дейт-дейтта, пхийт-пхийтта, йал-йалхитта, вуьр-вуьрхІитта, бер-берхІитта,*

ткъоьс-ткъоьсна, шов-шовзткъа, кхуз-кхузткъа, доьз-доьзткъа.

Декъадаран терахьдешнаш **лааме а, лаамаза** а хуьлу: *кхоккха стаг - кхоккха.*

Декъаран терахьдешнийн лааме а, лаамаза а форманаш къаьсташ йац: *кхоккха стаг - кхоккха, цхьацца къолам -цхьацца, шишша шо - шишша, итт-итт га - итт-итт,* лаамазчу формица цІердош леларца бен.

Декъаран терахьдешнийн а йу легадаларан лааме а, лаамаза а кепаш.

ЦІ. кхоккха	кхоккха стаг
Д. кхоккханнан	кхоккха стеган
Л. кхоккханна	кхоккха стагана
Д. кхоккхаммуо̄	кхоккха стага
К. кхоккханца	кхоккха стагаца
М. кхоккханга	кхоккха стагиē
Х. кхоккханнах	кхоккха стагах
Дс.кхоккханнал	кхоккха стагал

Нохчийн маттахь декъаран терахьдешнийн лааме форма шина лардаца легалуш йу: хьалхара ларда - цІерниг дожаран ларда; шолгІа ларда - доланиг дожаран ларда. Декъаран терахьдешнийн лаамазчу формин шен легайаларан кеп йац, аьлча а, декъаран терахьдешан лаамаза форма дожарца хийца ца ло, хийцалуш дерг цуьнца уьйр йолу дош ду.

ХІоттамечу терахьдешнех кхоллайелла декъаран форма дожаршца хийцалуш, дожарийн флексеш шалха долуш долчу тІаьххьарчу декъа тІе бен ца кхета.

Масала:

ЦІ. ткъе итт-итт	*К. ткъе итт-иттанца*
Дл. ткъе итт-иттаннан	*М. ткъе итт-иттанга*
Л. ткъе итт-иттанна	*Х. ткъе итт-иттаннах*
Д. ткъе итт-иттаммуо	*Дс. ткъе итт-иттаннал*

2.5. БИЛГАЛЗА-МАСАЛЛИН ТЕРАХЬДЕШНАШ

Билгалза-масаллин терахьдешнаша масалла йуьззана билгал ца йо. Уьш кхоллало хьалха-тІаьхьа догІучу масаллин терахьдешнийн цхьаьнакхетарх. Билгалза-масаллин терахьдешнаш дефисца йаздо.

Масала: *цхьа-шиъ, ши-кхоъ, кхо-диъ, диъ-пхиъ, пхиъ-йалх, йалх-ворхI, ворхI-бархI, бархI-исс, исс-итт, итт-цхьайтта.*

Билгалза-масаллин терахьдешнаш кхолладаларехь дакъа лоцу цхьалхечу а, чолхечу а терахьдешнаша. Билгалза-масаллин терахьдешнаш кхоллалуш, масаллин терахьдешнийн цхьаьнакхетар кху кепара хуьлу:

1. *Цхьанна* тIера *пхиъ йу*къа лоцуш *(диъ йу*ккъера долу) долчу терахьдешнийн лаамаза форма шена тIехьа догIучу терахьдешан лаамечу формица цхьаьнакхетарца (масалшка лакхахь хьажа; *цхьа-шиъ, ши-кхоъ, кхо-диъ, пхи-йалх,* амма: *диъ-пхиъ).*

2. Йа*лханна* тIера *итт йу*ккъелоцуш долчу терахьдешнех тIаьхьа-хьалха догIуш долу ши терахьдош цхьаьнакхетарца.

Масала: *ворхI-бархI, исс-итт.*

3. *Цхьайттанна* тIера *берхIиттанна* тIе кхаччалц долчу чолхе терахьдешнех тIаьхьа-хьалха догIуш долу ши терахьдош цхьаьнакхетарца. Масала: *цхьайтта-шийтта.* Амма цхьалхе терахьдош *итт* а, чолхе терахьдош *цхьайтта* а цхьаьнакхетарца а кхоллало билгалза-масаллин терахьдош: *итт-цхьайтта.*

4. Терахьдешнийн *шовзткъа, кхузткъа,* ***доьзткъа*** цхьаьнакхетарца: *шовзткъа-кхузткъа, кхузткъа-**доьзткъа**.* Кхузахь гуш ма-хиллара, билгалза-масаллин терахьдешнаш кхуллуш, тIаьхьа-хьалха догIурш дуьззана *ткъаннаш* ду.

Вай лакхахь билгалдаьхна билгалза-масаллин терахьдешнаш лааме а, лаамаза а хила йиш йу. Лаамазчу формица цIердош лела. Билгалза-масаллин терахьдешнийн лааме а, лаамаза а форма хIумма а къаьсташ йац шаьш схьадевллачу масаллин терахьдешнийн лаамечу а, лаамазчу а формех: *цхьа-шиъ (цхьа-ши стаг), ши-кхоъ (ши-кхо стаг), йалх-ворхI (йалх-ворхI шо).*

Масаллин терахьдешнийн а санна, билгалза-масаллин терахьдешнаш а лааме а, лаамаза а легадалар долуш ду. Церан легадалар а масаллин терахьдешнийн легадаларца догIуш ду (коьрта хийцамаш шолгIачу терахьдешан хуьлу).

ЦI. цхьа-шиъ	*цхьа-ши йоI*
Дл. цхьана-шиннан	*цхьана-шина йоьIан*
Л. цхьана-шинна	*цхьана-шина йоIана*
К. цхьана-шинца	*цхьана-шина йоIа*
Дс.цхьана-шимма	*цхьана-шина йоIаца*

Вай билгалдаьхначу билгалза-масаллин терахьдешнел сов кхин шиъ билгалза-масаллин терахьдош ду нохчийн маттахь шайн формица а, лаамаза форма шайн цахиларца а къаьсташ: *иттех, ткъех.* И терахьдешнаш дожаршца хийцалуш дац. Дожаршца уьш

хийцалуш цахиларо тоьшалла до, и ши терахьдош шайн формица мелла а фонетически хийцамаш хилла хотталург дожаран форма хиларна.

2. ТЕРАХЬДЕШАН КХОЛЛАДАЛАР

Вай лакхахь билгалдаьккхина ма-хиллара, и терахьдешнаш кхолладалар нохчийн меттан *ткъанца* дагардечу системица доьзна ду. Масала: *шовзткъа - шозза ткъа, кхузткъа - кхузза ткъа, дезткъа -доьазза ткъа.*

Цхьайттанна тІера берхІиттанна тІе кхаччалц долчу чолхечу масаллин терахьдешнийн ши орам цхьаьнакхетачохь, хьалхарчу ораман чаккхенгарчу мукъачу элпана тІехьа ***-йтта,*** мукъазчунна тІехьа ***-итта*** йаздо.

Масала: цхьайтта, шийтта, кхойтта, дейтта, пхийтта, йалхитта, вуьрхІитта, берхІитта.

ХІоттаме терахьдешнаш масех дашах лаьтташ ду. Масала: *ткъе цхъайтта, бІе кхузткъе пхийтта, эзар исс бІе* ***доьзткъе*** *шиъ.*

ХІоттаман терахьдашна йукъахь долу хІора дош къаьстина йаздо.

Масала: ткъе цхьаъ, эзар ворхІ бІе ткъе йалх

ХІоттаме терахьдешнийн лааме а, лаамаза а форманаш дожаршца хийцайалар хІумма а къаьсташ дац вай лакхахь масалш далийначу цхьалхе формийн хийцайаларх. Хийцалуш дерг тІаьххьара дош ду.

РогІаллин терахьдешнаш нохчийн маттахь масаллин терахьдешнех кхоллалуш ду - *лгІа, -алгІа* суффиксийн гІоьнца.

Масала: *шо-лгІа, кхо-ъалгІа.*

РогІаллин терахьдош *хьалхара цхьаъ* терахьдашах ца кхоллалуш, *хьалха* бохучу куцдашах кхоллалуш ду.

ХІоттаме рогІаллин терахьдешнаш кхоллалуш, рогІаллин терахьдешан форма тІаьххьарчун бен ца хуьлу: *эзар пхи бІе* ***доьзткъе*** *доьалгІа, кхо бІе ткъе пхоьалгІа.*

Гулдаран терахьдешнийн лаамечу а, лаамазчу а формийн лач дожарш масаллин терахьдешнийн дожарийн форманашца нислуш ду, амма гулдаран терахьдешнийн дожарийн форманашна тІехьа хуттург *а* лела.

Эцаран терахьдешнаша *мосазза?* бохучу хаттарна жоп а ло, *-зза, -азза* суффиксийн гІоьнца муьлххачу а масаллин терахьдашах кхолладала йиш а йу

Эцаран терахьдешнех ша-тайпа рогІаллин форма а кхоллало: *шозлагІа, пхоьазлагІа.*

Декъаран терахьдешнаш а муьлххачу а масаллин терахьдашах кхолладала йиш йу. Масала: *цхьаъ - цхьацца, шиъ - шишша, кхоъ - кхоккха, диъ — диъ-диъ, пхиъ - пхиппа, йалх*

-йалх-йалх, итт - итт-итт, ткъа – ткъаттIа. Декъаран терахьдешнаш кхолладаларан коьрта некъ - терахьдешан лард шалха йалар бу: *ворхI-ворхI, исс-исс.*

ХIоттамечу терахьдешнех декъаран форма кхоллалуш шалха долуш дерг тIаьххьара дакъа ду: ткъе итт-итт, бIе шовзткъе исс-исс.

Ша-тайпа кхоллало декъаран терахьдешнаш хьалхарчу кхаа терахьдешнех а, *пхиъ, ткъа* бохучу терахьдешнех а. Масала: *цхьацца, шишша, кхоккха, пхиппа, ткъатткъа.* Цу терахьдешнийн декъадаран кеп кхоллалуш, шолгIачу лардан йуьхь мелла-а цхьалхе йолу, амма йуьхьаьнцара мукъаза аз шалха долу: *пхи-ппа, ши-шша, кхо-ккха, ткъа-тткъа.*

Билгалза-масаллин терахьдешнаша кхоллало хьалха-тIаьхьа догIучу масаллин терахьдешнийн цхьаьнакхетарх. Билгалза-масаллин терахьдешнаш дефисца йаздо.

Масала: *цхьа-шиъ, ши-кхоъ, кхо-диъ, диъ-пхиъ, пхиъ-йалх, йалх-ворхI, ворхI-бархI, бархI-исс, исс-итт, итт-цхьайтта.*

Билгалза-масаллин терахьдешнаш кхолладаларехь дакъа лоцу цхьалхечу а, чолхечу а терахьдешнаша.

Нохчийн меттан терахьдешнаш, шайн маьIнийн билгалонашца кьаьстина ца Iаш, шайн грамматически башхаллашца а къаьста кхидолчу къамелан дакъойх. И грамматически башхаллаш нахски меттанийн грамматически хIоттаман кхиарца йоьзна йу.

Терахьдешнийн грамматически башхаллаш морфологехь а, синтаксисехь а билгалйовлу, цул сов, морфологически а, синтаксически а башхаллаш вовшашца йоьзна а йу.

ЦIердешнийн а, билгалдешнийн а йолу грамматически классийн а, терахьийн а категореш а йац нохчийн меттан терахьдешнийн. Терахьдешнийн терахьан категори цахиларца доьзна хир ду, схьахетарехь, терахьдешнашца цхьаьна долу цIердош цхьаллин терахьехь хIоттор а.

Терахьдош *диъ* а, иза йуккъехь долу чолхе а *(дейтта,* ***доьзткъа)****,* хIоттаме а *(бIе* ***доьзткъа)*** терахьдешнаш дIадевлча, кхидолчу терахьдешнийн классан категори йац. Нохчийн меттан терахьдош муьлххачу а цIердашца лела тарло, цхьана а кепара классехь цу цIердашца барт а ца беш.

Нохчийн меттан терахьдешнаша билгалдешнашца цхьаьнакхетар ца кхуллу, кхечу кепара аьлча, терахьдешан билгало гойтуш дош хила йиш йац, хIунда аьлча, кхечу къамелан дакъошца терахьдош цхьаьнакхеташ, терахьдош ша хуьлу къастаман маьIнехь.

Грамматически классийн категори цахилар а, билгалдашца цхьаьнакхетар кхолла таро цахилар а йу терахьдешнаш масаллин цIердешнех къастош йолу башхаллаш. Масала: *шинара (ду) - шинарш (ду)* IV класс; *цIен шинара.*